



Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AKEYI LAKAY YO EKIP PONPYE ETA NEW YORK LA KI TE DEPLWAYE POU KONBAT ENSANDI FORÈ NAN CALIFORNIA**

*Ponpye DEC yo te ede efò yo pou kontwole ensandi forè yo nan Kanada, California, Idaho ak Montana*

*Deplwaman an se nevyèm lan nan yon ane ki chaje ensandi*

*N ap jwenn foto deplwaman yo [isit la](#)*

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a retou yon ekip 20 ponpye forè ke Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la dirije apre yon misyon de semèn nan California. Ekipaj la te ede ak [efò batay kont ensandi](#) nan Ensandi nan Konplèks Rivyè Smith la.

"Lè Nouyòkè yo wè lòt moun ki nan bezwen, nou antre nan aksyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Plizyè ekip ponpye te vwayaje nan eta lwès yo ak nan Kanada ete ak otòn sa a paske ensandi forè yo te san kontwòl epi yo te egzije ke ekspè yo travay sou efò sipresyon yo. Mwen rekonesan pou ponpye forè New York yo ki devwe ki prè pou kite zanmi yo ak fanmi yo pou ede etranje epi mwen kontan akeyi yo k ap tounen lakay".

Ensandi nan Konplèks Rivyè Smith la te boule plis pase 38,243 ekta tè epi kounye a li anba kontwòl a 85 pousan. Ensandi a te kòmanse ak yon kout zèklè nan 15 out. Ekipaj Eta New York la te mete tèt yo ansanm avèk 38 ekip diferan ki soti toupatou nan peyi a. Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (DEC) la, Robert "Erik" Stratton, te sèvi kòm chèf ekip pandan misyon de semèn nan pou nèf lòt Gad Forè, nèf nan ponpye DEC ki resevwa fòmasyon kòm espesyalis ki soti nan Divizyon Tè ak Forè, Pwason ak Bèt Sovaj ak Jesyon Ijans (Pestisid) ak Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM), ansanm ak yon ponpye volontè. Sekouris sa yo te konsantre sou operasyon koupe bwa pou redwi gaz sou liy ensandi segondè yo.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "Kat divizyon DEC yo te reprezante pa mwayen ekip ki gen plizyè talan sa a epi mwen remèsye yo tout paske yo te reponn apèl vwazen nou yo nan lwès la. Lè Gad Forè DEC yo ak lòt ponpye forè ki te resevwa fòmasyon te rive nan ensandi sa a, li te anba kontwòl sèlman a 21

pousan. Gras an pati a ekspètiz yo, ak kèk èd nan move tan an, kominote yo pi byen pwoteje epi ensandi a prèske anba kontwòl".

### **Ekip ki Retounen**

Robert "Erik" Stratton – Chèf Ekip– Gad Forè, Konte Sullivan  
Hannah Bieber – Pwason ak Bèt Sovaj, Konte Cortland  
Mark Brand – Gad Forè, Konte Essex ak Hamilton  
James Canevari Jr. – Pwason ak Bèt Sovaj, Konte Jefferson  
Michael Chappell – Gad Forè, Konte Onondaga ak Cayuga  
Josh Choquette, Pwason ak Bèt Sovaj, Konte Delaware  
Lawrence Day Jr., Ponpye Volontè  
Evan Donegan, Gad Forè, Konte Warren  
Patrick Dormer – Gad Forè, Konte Ontario ak Yates  
Eric Egger – Tè ak Forè, Konte Steuben  
John Gullen – Gad Forè, Konte Columbia  
Nicholas Johnston –Jesyon Ijans, Konte Albany  
Dan Kinsley – Pestisid, Konte Albany  
Robert Mackenzie – Tè ak Forè, Konte Ulster  
Melissa Milano – Gad Forè, Konte Hamilton  
Evan Nahor – Gad Forè, Konte Saratoga  
Hannah O'Connor – Gad Forè, Konte Essex ak Franklin  
Kyle Olson – Pwason ak Bèt Sovaj, Konte Cortland  
Neilson Snye – Gad Forè, Konte Essex  
Timothy Yeatts – Tè ak Forè, Konte Ulster

Ensandi nan forè yo pa sèlman devaste eta lwès yo ak Kanada, men tou ensandi sa yo gen chans pou yo afekte kalite lè New York la. Pandan plizyè jou nan mwa jen ak jiyè, anpil pati nan New York te anba Avi Sante sou Kalite lè akòz ti patikil piti ki te ogmante akòz lafimen ensandi yo nan Kanada ak nan lwès Etazini.

Yo pibliye Avi Sante sou Kalite Lè a lè metewològ DEC yo fè previzyon sou nivo polisyon, swa ozòn oswa ti patikil piti, yo prevwa ki ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki gen valè 100. Ekspozisyon ak ti patikil yo ka lakòz efè sante akoutèm tankou iritasyon nan je, nen, ak nan gòj, touse, etènye, nen k ap koule, ak souf kout. Ekspozisyon a wo nivo ti patikil yo kapab lakoz tou kondisyon medikal ou tankou opresyon ak maladi kè, vin pi mal. Eta New York ap kontinye bay avètisman chak fwa kondisyon yo mande sa pou ede pwoteje sante piblik la. Lèt [enfòmasyon sou ozòn](#) ak [PM 2.5](#) disponib sou sitwèb DEC la ak sou sitwèb [Depatman Sante Eta a](#). Pou w rete ajou avèk anons DEC yo, [enskri pou w ka resevwa Alèt sou Kalite lè](#) nan DEC Delivers: Premye Sèvis Imèl DEC la.

An 1979, New York te voye premye ekip ponpye li a pou al ede eta zòn lwès yo konbat gwo ensandi nan forè yo. Depi lè sa, an mwayèn, yo konn voye youn oswa de ekip, jan sa nesèsè, pou ede metrize ensandi nan forè yo chak ane. Ekipaj ki deplwaye jodi a se pral nevyèm deplwaman ekip oswa moun ki soti nan DEC pou ede nan kòmandman ensidan oswa nan batay kont ensandi nan forè andeyò eta a. Anplis de ede frennen

ensandi nan forè yo epi minimize domaj yo, ekip sa yo gen bon jan eksperyans ki kapab itilize pou lite kont ensandi nan forè yo, epi jere ensidan ki gen tout kalite risk nan new York. Sèvis Forè Etazini an ap peye dirèkteman tout pèsònèl ak pou depans vwayaj pou ekip New York yo oswa l ap ranbouse Eta New York dapre yon akò èd mityèl ant eta yo ak ajans fonsye federal yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)